кең түрде пайдаланыў лазым. Себеби, ҳәзирги ўақытларда психологиялық жақтан раўажланыў пайытында балаларға ертеден киятырған бай әдебий мийрасларымызды жаңаша тәризде үйретиўди қолға алып, олардың бос ўақытларында, сабақ пайытларында миллий қәдириятларға деген сүйиспеншилигин сиңдирип барыў-бизиң баслы ўазыйпамыз. Буның ушын балаларға арналған аўызеки дөретпелерди ҳәр қыйлы реңли, сүўретли китапшалар түринде баспадан шығарыў ислери әмелге асырылса, сондай-ақ ҳәрекетли қосық түриндеги балалар фольклоры мектепке шекемги тәрбия орынларында үйретилип барылса, мақсетке муўапық болар еди. Бул жағдай, өз гезегинде, балалар психологиясының ҳәр тәреплеме өсип раўажланыўына, олардың көркем-эстетикалық талғамының өсиўине ҳәм гөззаллыққа қуштар болып өсиўине сөзсиз өз тәсирин тийгизеди. Және де мектепке шекемги жастағы балалар ушын да ертеклер, аңызлар қаҳарманлары ҳаққында материаллар, видеофильмлер, видеороликлер, электрон қолланбалар ислеп шығылса, бул олардың оқып ҳәм еситип алғанларына қосымша көргизбели болып пайдалы тәреплерин келтирип шығарады.

**Әдебиятлар**


1. Алымов Ә. Қарақалпақ халық жумбақлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим», 1994.
3. Жумбақлар. Баспаға таярлағанлар: Аббазов С., Алымов Ә.-Нөкис: ҚҚМБ, 1963.
4. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992.
5. Сапарбаев Т. Нравственное воспитание младших школьников средствами устного народного творчество. АД на соиск. уч.ст. к.п.н. -Ташкент: 1998.
6. Тлегенов А. Воспитание у подростков духовно-нравственных ценностей средствами народных дастанов. АД на соиск.уч. ст. к.п.н. -Ташкент: 1998.



**РЕЗЮМЕ**

Мақола педагогика назарияси ва педагогика тарихи аспектида педагогика фанининг аҳамиятли масалаларига бағишланган бўлиб, унда мактабгача тарбия ёшидаги болалар психологиясининг ривожланишида қорақалпоқ халқ оъзаки ижоди намуналари ҳисобланган болалар қўшиклари, эртаклари, топишмоқ, тез айтишлари ва нақл-мақолларининг тутган ўрни кенг планда очиб кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена роли и места детских стихотворений сказок, загадок, скороговорок, поговорок и пословиц как пример каракалпакской устно-народной литературы в психологии детей дошкольного возраста. Проблема анализирована, как одна из актуальных вопросов в аспектах теории и истории педагогики.

**SUMMARY**

In the article it is broadly revealed the place and importance of children's rhymes, fairy-tales, riddles, patters sayings and proverbs samples of Karakalpak folklore in the development of the children's psychology. The issue is thoroughly analyzed in the aspects of the history and theory of pedagogics af one of the important problems of pedagogics.


## MATEMATIKA BOYÍNSHA AUDITORIYALÍQ SABAQLARDA TALABALARDÍŃ ÓZ BETINSHE JUMÍSLARÍN SHÓLKEMLESTIRIW


**A.Jańabergenova –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** mustaqil ish, masalalar, dars, dars turlari, matematika, auditoriya, kasbiy kompetensiya.

**Ключевые слова:** самостоятельная работа, задачи, урок, виды уроков, математика, аудитория, профессиональная компетенция.

**Key words:** independent work, tasks, lesson, types of lesson, Mathematics, auditorium, professional competency.


Házirgi waqıtta joqarı oqıw orınları aldına tereń, oylaytuǵın, udayı ózgerip turatuǵın ekonomikalıq hám texnologiyalıq sharayatlarda óz betinshe hám tez bağdar alatuǵın qánigelerdi tayarlaw máselesi qoyılǵan. Bul talabalardan shaxstıń sheshimdi qabıllawdaǵı ózbetinshelik, máselelerdi sheshiwdegi iskerlik hám standart emeslik sıyaqlı qásiyetlerin, sonıń menen birge olardıń dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwdı talap etedi. Áne usınday qánigeler qayta oqıwǵa, kásiplik bilimlerin óz betinshe jetilistiriwge tayar hám uqıplı. Olar mudamı artıp baratırǵan informaciyalar aǵımın dóretiwshilik qayta islewge hám onnan ámeliyatta kompetentli paydalanıwǵa tayar. Bul máseleni sheshiw fizika- matematikalıq tálim dárejesin arttırıw menen tikkeley baylanısqan bolıp, buǵan jańa tálim baǵdarlamaları (bakalavrlıq hám magistrlik) járdem beredi [1].

XX ásirdiń ekinshi yarımında Evropa universitetlerinde qánigeler ushın talaplarǵa ulıwma koncepciya islep shıǵıw háreketleri baslandı. Nátiyjede, 2005-jılı «Dublin deskriptorları»- hár bir Evropa mámleketiniń zamanagóy baǵdarlamasınıń tiykarı bolǵan kompetenciyalar dizimi jazıldı. Bul dizimnen búgingi kúnde júdá kóp dúnya mámleketleri paydalanadı. Sonlıqtan joqarı oqıw orınınıń bakalarlıq hám magistrlik baǵdarlamaların joybarlastırǵanda qánigeniń kompetenciyasına baǵdarlama boyınsha oqıtıw nátiyjesi sıpatında maksimal baǵdar alıw talap qılınatuǵın zamanagóy kompetentlik usıl qollanıladı.

Qánigelerdi tayarlaw ushın bakalavriat hám magistraturanıń baǵdarlamaların islep shıǵıw zamanagóy ilimiy-bilim beriw resurslarına, sonıń ishinde ilimiy izertlewler tarawındaǵı jańa jetiskenliklerge hám sáykes baǵdarlar boyınsha islep shıǵılǵan kórsetpelerge, tálim baǵdarlamaların joybarlastırıwdıń aldıńǵı metodikalarǵa, oqıw procesin shólkemlestiriwdiń innovaciyalıq texnologiyalarına hám effektiv usıllarına tiykarlanıwı kerek.

Joqarı matematika dástúr boyınsha hár bir joqarı oqıw orınınıń tiykarǵı pánleriniń biri bolıp keldi. Bul matematikanıń qánigelik pánlerin ózlestiriw ushın tiykar bolatuǵın fizika, ximiya hám basqa tábiyiy pánlerdiń apparatı bolıwdan ibarat ayrıqsha roli menen baylanısqan. Solay etip, matematika hám tábiyiy pánler boyınsha bakalavriat kóleminde erisiletuǵın bilimler dárejesi magistrlerdi tayarlaw sıpatına áhmiyetli tásirin tiygizedi [1].

Joqarı oqıw orınlarınıń tájiriybesiniń kórsetiwinshe mektep oqıwshıları joqarı oqıw orınınıń matematika kursın tereń ózlestiriw ushın jeterli ulıwma oqıw uqıplılıqlarına iye emes.

Keyingi waqıtları auditoriyalıq sabaqlardıń sanı ózbetinshe jumıs paydasına azayıw tendenciyası bayqalıp atırǵanı sebepli mınaday soraw tuwadı: texnikalıq joqarı oqıw orınlarınıń studentlerine matematikanı oqıtıwdı qalay jaqsı shólkemlestiriw múmkin? Biziń elimiz táliminiń dúniya júzlik tálim keńisligine integraciya procesi de talabalardıń ózbetinshe jumısınıń roliniń bunnan bılay da artıp barıwına alıp keledi. Sonlıqtan zamanagóy

bağdarlamalar boyınsha oqıtıw sharayatında fizika-matematika táliminiń sıpatın arttırıwğa talabalardıń ózbetinshe jumısın effektiv shólkemlestiriw esabınan erisiw múmkin.

Kópshilik ilimpazlar talabalardıń matematikalıq materialdıń ózlestiriliwiniń joqarı sıpatın támiyinlemeytuğın dásúriy ózbetinshe jumısınıń kemshiliklerine dıqqat awdaradı. Bul, birinshi náwbette, oqıtıwshınıń talabalar menen oqıwlıq materialdıń ózlestiriliwiniń dárejesi haqqında operativ informatsiyalawshı keri baylanısınıń joqlığı hám usınıń nátiyjesinde oqıwlıq materialdıń ózlestiriliwiniń sıpatın kúndelikli hám waqtı-waqtı tekseriwge kem kewil bóliniwi. Sonıń menen birge, dástúriy oqıtıwda talabalar ushın tańlanğan oqıwlıq tapsırmalardıń jeterli dárejede islep shığılmağanlığı, óz betinshe jumıs procesinde óz bilimleri hám uqıplılıqların ózi diagnostikalaw hám oqıwlıq kurstı ózlestiriwdiń tabıslılığın ózi tekseriwi múmkin emesligi, sonday-aq, oqıw- metolikalıq ádebiyatlardıń jetispewshiligi sebepli óz betinshe jumıstı ılayıqlı shólkemlestiriw biraz qıyınlasadı.

Oqıw procesin shólkemlestiriwdiń oqıwlıq waqıttıń 30-40 % bólegi óz betinshe jumısqa beriletugın házirgi zaman sharayatında talabalardıń óz betinshe jumısınıń mazmunın hám usılların jetilistiriw máselesi aktual bolıp qala beredi.

Bul máseleni sheshiw shártleriniń biri-talabalardıń auditoriyalıq sabaqların da, auditoriyadan tıs sabaqların da hám óz betinshe jumısın shólkemlestiriw ushın informaciyalıq qurallardan paydalanıw.

Bul maqalanıń maqseti - matematika boyınsha auditoriyalıq sabaqlarda talabalardıń ózbetinshe jumısın shólkemlestiriw ushın qollanılatuğın pedagogikalıq hám kompyuterlik qurallar bağıtın belgilew.

Bul maqalada auditoriyalıq sabaqlarda talabalardıń óz betinshe jumısın sawatlı monitoring, didaktikalıq qurallar hám oqıtıwshınıń kompyuterlik qurallardan paydalanıp tekseriwi tiykarında shólkemlestiriw ushın ilajlar kompleksi usınıs qılınadı.

Tómendegi shártler úyretiwshi dástúrde matematika boyınsha tapsırmalar sistemasın dúziw ushın tiykar qılıp alındı: oqıtıw procesin jekelestiriw hám tańlaw (differensiaciya), oqıw islerin ózinshe tekseriw hám ózinshe dúzetiwler kiritiw, kásiplik hám universal kompetenciyalar qáliplestiriw.

Joqarı matematika boyınsha auditoriyalıq sabaqlarda talabalardıń ózbetinshe jumısın informaciyalıq qurallar hám kompetentlik usıllardan paydalanıw tiykarında shólkemlestiriw modeli súwrette kórsetilgen.

Sabaqtı ótiw metodikası tómendegilerden ibarat: Oqıtıwshınıń ıqtıyarı boyınsha talaba ulıwma menyuden sabaq temasın saylap aladı. Talaba kompyuterde registraciyadan ótkennen soń oğan sabaq teması boyınsha metodikalıq kórsetpeler jazılğan kartochka beriledi. Bunnan keyin talaba teoriyanı úyrenip baslaydı, soń tapsırmanı orınlawğa kirisedi.

Talabada oqıtıw traektoriyasın, teoriyanı úyrenbey dárhal tapsırmanı orınlawğa kirisip, ózgertiw múmkinshiligi bar. Ámeliy sabaqtıń sorawları hám máseleleri tosınnanlıq sanlar kórsetiw quralı járdeminde bólistirilgen. Sonlıqtan málim waqıt momentinde hár qıylı kompyuterlerde hár qıylı tapsırmalar beriledi. Bul talabalardıń óz betinshe jumıs islewine járdem beredi.

Ózbetinshe jumıs - talabalardıń úyreniw islerin shólkemlestiriw hám basqarıw quralı. Sonlıqtan sabaqtıń málim teması boyınsha tapsırmalar oqıtıwshı payda bolğan úyreniw mashqalaların sheshiwde talabalarğa másláhátler beriw múmkinshiligine iye bolatuğınday qılıp dúzilgen [2].

Tapsırma túrleri I, II hám III dárejeli tapsırmalarğa bólinedi. Birinshi dárejeli tekseriw hár birewine keltirilgen bir neshewinen bir durıs juwap saylap alıw kerek bolğan sorawlar, formulalar yaki súwretler menen berilgen. I dárejeli tapsırma málim tema boyınsha talabanıń teoriya menen baylanıslı tiykarğı anıqlamalardı hám túsiniklerdi biliwin tekseriwge múmkinshilik beredi.

II dárejeli tapsırmalar - ádettegi ámeliy sabaqlarda sheshiletuğın úlgi máseleler bolıp, talabalarda teoriyadan paydalanıw kónlikpelerin payda etiwge arnalğan. II dárejeli taprsırmalardıń sheshimi talaba qálegen waqtında paydalanıwı múmkin bolğan «Yadqa salıw»da keltirilgen.



Bunday máseleni qaǵazda sheship, talaba durıs sanlı juwaptı saylap alıwı kerek. Programma juwaptı tanıydı hám máseleniń sheshiminiń durıslıǵı haqqındaǵı diagnostikanı beredi. Hár bir durıs juwap ushın talabaǵa reyting bahalaw sisteması boyınsha málim ball beriledi. Alınǵan ball tapsırmanıń qıyınlıq dárejesine baylanıslı boladı. «Yadqa salıw»dan paydalanǵanda talabadan málim ball alıp taslanadı, bul tuwralı kompyuter ekranında xabar beriledi. «Teoriya» yaki «Maǵlıwmatnama»dan paydalanǵanda ballar alıp taslanbaydı [2].

II dárejeli tapsırmalarǵa málim baptıń materialınıń ózlestiriliwin tekseriwge arnalǵan tekseriw máseleleri de kiredi. Bul máselelerdiń sheshiliwi «Yadqa salıw» da qaralmaǵan. Máseleni sheship, talaba arnawlı orınǵa sanlı juwaptı jazıwı kerek. Bul jaǵdayda programma durıs juwaptı talaba kiritken juwap penen salıstıradı. Bunday máseleler talabadaǵı ózbetinshe jumıs kónlikpelerin anıqlawǵa hám onıń berilgen materialdı qalay ózlestirgenin tekseriwge arnalǵan.

III dárejeli máseleler kásiplik kompetenciyalardı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan. Bunday máselelerdi tiykarǵı úsh toparǵa bóliw múmkin: artıqsha maǵlıwmatlı máseleler, bir neshe sheshiw jolları bar máseleler, optimal sheshimin saylap alıwǵa máseleler [3].

*Artıqsha maǵlıwmatlı máseleler.* Talabalar máseleleniń berilgenlerin, eń anıq, qarama - qarsılıqsız maǵlıwmatlardıń zárúr minimumın qaldırıp, tańlawı kerek. Qaralmaǵan maǵlıwmatlar, ádette, alınǵan sheshimdi tekseriw ushın paydalanıladı.

*Bir neshe sheshiw jolları bar máseleler.* Bul túrdegi máselelerdi sheshkende talaba ózine málim bolǵan qálegen usıldan paydalanıw múmkinshiligine iye bolıp, ol saylap alǵan sheshiw usılı onsha racional usıl bolmawı da múmkin.

*Optimal sheshimin saylap alıwǵa máseleler.* Bul túrdegi máselelerdi sheshkende talaba hár qıylı sheshiw usılların salıstırıwı hám olardan optimalın (esaplawlar sanı, sarıplanǵan waqıt kózqarasınan) saylap alıwı kerek.

I, II hám III dárejeli tapsırmalar kásiplik hám universal kompetenciyalardı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan, atap aytqanda, talaba

- matematikaǵa tán terminologiyadan, leksika hám konstrukciyalardan paydalanıwı;
- ótilgen baplar boyınsha bar matematikalıq bilimlerin tártiplestiriwi hám jetispeytuǵınların tolıqtırıwı;
- oqıw procesinde ózin-ózi shólkemlestiriw qábiletine iye bolıwı;
- qıyın situaciyalarda ózbetinshe optimal sheshim qabıllay biliwi;
- kompyuterde informaciyalardı basqarıw qurali sıpatında islew kónlikpelerine iye bolıwı;
- informaciyalardı jıynaw, qayta islep shıǵıw hám tallaw ushın dereklerden paydalanıw uqıplıqlarına hám kónlikpelerine iye bolıwı kerek.

Sabaq tamam bolǵan soń talabalardan tema boyınsha materialdıń ózlestiriliwin, úyreniletugın materialdı túsinikli qılıp bayanlawdı qıyınlastırıwshı máselelerdi anıqlaw boyınsha soraw-juwap ótkeriledi. Buniń tiykarında informaciyalıq materialǵa, shınıqtırıwshı tapsırmalarǵa hám programmalıq támiyinlewge dúzetiwler kiritilip, tallaw ótkeriledi.

Joqarı matematika boyınsha auditoriyalıq sabaqlardaǵı talabalardıń informaciyalıq qurallardan paydalanıp orınlanǵan ózbetinshe jumısın shólkemlestiriwdiń usınılıp otırǵan metodikasınıń effektivligin tekseriw boyınsha pedagogikalıq eksperimenttiń úyretiwshi basqıshı alımlar tárepinen úsh jıl dawamında I semestrde ótkerildi hám «Sızıqlı algebra» hám «Vektorlıq algebra» bapların ózishine aldı.

Sózimizdiń sońında Joqarı matematika boyınsha auditoriyalıq sabaqlardaǵı talabalardıń óz betinshe jumısın shólkemlestiriwdiń usınılıp otırǵan metodikasınan paydalanıw boyınsha izertlewler nátiyjeleri:

- talabalardıń óz betinshe oqıw- úyreniw isleriniń jedellesiwine erisiwge;
- óz betinshe jumıs ulıwma uqıplılıqları hám kónlikpeleriniń qáliplestiriwin támiyinlewge;
- universal hám kásiplik kompetenciyalardı qáliplestiriwge járdem beredi.

**Ádebiyatlar**

1. Олий ва ўрта махсус таълим вазирлигининг 2009 йил 14 август 286 сонли буйруғига 1-илова. Талабалар мустақил ишини ташкил этиш ва назорат қилиш бўйича йўрикнома.

2. Содиков С. С. Математика фанидан талабалар мустақил ишларини ташкил қилишда инновацион технологияларнинг роли. // Молодой учёный. 2016. № 12.4. - С.90-92.

3. Ефремова О.Н. «Организация самостоятельной работы студентов на аудиторных занятиях по математике». // Вестник ТГПУ. 2010. Выпуск 12.

**REZYUME**

Bu maqolada oliy o'quv yurtlari talabalarining matematika fanidan o'z malakalarini auditoriya darslarida mustaqil ishlarni tashkillashtirish jarayonida qo'llashi qarab chigilgan.

**РЕЗЮМЕ**

Статья содержит интересные идеи о том, как максимально использовать математические навыки на аудиторных занятиях и в самостоятельной работе студентов высших учебных заведениях.

**SUMMARY**

The article contains interesting ideas how to use maximally mathematical skills at lessons in the classroom and in independent work of students of higher educational institutions.

## БЎЛАЖАК ФИЗИКА ЎҚИТУВЧИЛАРИНИНГ КАСБИЙ КОМПЕТЕНТЛИГИНИ ТАКОМИЛЛАШТИРИШ

**Б.Н.Мадаминов** - *ассистент ўқитувчи*

*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*

**Таянч сўзлар:** бўлажак физика ўқитувчилари, касбий компетентлик, билим, кўникма, сифатий масалалар.
**Ключевые слова:** будущие учителя физики, профессиональная компетентность, знания, навыки, качественные задачи.
**Key words:** future teacher in Physics, professional competence, knowledge, habits, qualitative tasks.

"Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси"да "узлуксиз таълим тизимини янада такомиллаштириш йўлини давом эттириш, сифатли таълим хизматлари имкониятларини ошириш, меҳнат бозорининг замонавий эҳтиёжларига мувофиқ юқори малакали кадрлар тайёрлаш" [1] белгилаб берилди. Бу борада инновацион технологиялардан фойдаланиш самарадорлигини ошириш, кадрлар буюртмачилари талаблари ва муносабатлари асосида мутахассиснинг касбий тайёргарлиги даражасига оид ахборот тизимларини жорий этиш муҳим аҳамият касб этади.

Атрофимиздаги ижтимоий ва технологик ўзгаришларга мос ҳолда, замонавий олий таълим муассасалари маълум билим ва малака бериб қолмасдан, танқидий фикрловчи, эффектив қарор қабул қилувчи, ўз дунёқарашига эга бўлган ҳаётдаги шарт-шариотларга мослашувчи ва уни яхшилашга интилувчи шахсни шакллан-